



Pou Piblikasyon Imedya: 11/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE LEJISLATIF KI DEDYE KÈK PATI NAN SISTÈM
OWOUT ETA NEW YORK LA POU VETERAN YO**

Lejislasyon (S.6544C/A.6368-B) deziyen yon pati nan sistèm otowout Eta a nan Konte Erie kòm "Kalinowski Brothers Memorial Bridge"

Lejislasyon (S.6551D/A.6363) deziyen yon pati nan sistèm otowout eta a, kòm "Master Sergeant Thomas P. Madison Memorial Highway"

Lejislasyon (S.8305A/A.9351-A) deziyen yon pati nan sistèm otowout eta a, kòm "WWII Rapone Brothers Memorial Highway"

Lejislasyon (S.7416B/A. 8400-B) deziyen yon pati nan sistèm otowout Eta a nan Konte Cattaraugus kòm "Staff Sergeant David Textor Memorial Highway"

Lejislasyon (S.7903B/A.9068-B) deziyen yon pati nan sistèm otowout eta a, kòm "First Lieutenant Stephen H. Doane Memorial Bridge"

Lejislasyon (S.8085C/A.9046-B) deziyen yon pati nan sistèm otowout Eta a nan Konte Ontario kòm "Ralph Calabrese Memorial Highway"

Lejislasyon (S.8681A/A.8535-A) deziyen yon pati nan sistèm otowout eta a, kòm "Specialist Jason Hasenauer Memorial Highway"

Lejislasyon (S.8688A/A.9653-A) deziyen yon pati nan sistèm otowout eta a, kòm "Trooper John J. Lane Memorial Bridge"

Lejislasyon (S.9028/A.10110) deziyen yon pati nan sistèm otowout eta a, kòm "Sergeant Gary Beikirch Memorial Highway"

Lejislasyon (S.8726A/A.10024-A) deziyen yon pati nan sistèm otowout eta a, kòm "Colonel Michael Plummer Memorial Highway"

Gouvènè Kathy Hochul te siyen yon pake lejislatif ki dedye kèk pati nan sistèm otowout Eta New York la pou veteran yo.

"Nou dwe yon gwo dèt anvè veteran New York yo ki te toujou reponn ak apèl pou pwoteje ak sèvi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Dedikas otowout sa yo ede nou rekonèt ak onore kontribisyon ak sakrifis ewo New York yo epi yo pral asire eritaj yo viv pandan plizyè jenerasyon."

Lejislasyon (S.6544C/A.6368-B) deziyen Route 16 ki travèse Cazenovia Creek nan Vil Holland, konte Erie, kòm "Kalinowski Brothers Memorial Bridge (Pon Memoryal Frè Kalinowski yo)". Sa a pral rann omaj ak fanmi Kalinowski, ki gen senk pitit gason ki te sèvi nan fòs lame yo. Sòlda Premye Klas (Private First Class, PFC) John Kalinowski te sèvi nan alafwa marin Ameriken an ak nan Gad Nasyonal, pandan Dezyèm Gè Mondyal (World War II, WWII) la ak nan Konfli Koreyen an. PFC Kalinowski te yon manm Polis Militè epi li te resevwa Meday Viktwa Dezyèm Gè Mondyal la ak Meday Kanpay Ameriken an. Sòlda Matthew Kalinowski te sèvi nan Lame Ameriken an pandan Dezyèm Gè Mondyal la. Sèjan Eta Majò Chester Kalinowski te sèvi nan Fòs Ayeryèn Etazini (US Air Force) pandan Dezyèm Gè Mondyal la kòm yon Reparasyon Rada, sa ki te fè li Meday Viktwa Dezyèm Gè Mondyal la. Sèjan Alfred Kalinowski te sèvi nan Marin yo pandan Konfli Koreyen an, li te genyen Etwal Ajan (Silver Star), Pandatif Meday Kòmandasyon ak Konba "V" (Commendation Medal Pendant With Combat "V"), Meday Kè Mov ak Etwal Dò nan plas 2èm Pri, Meday Sèvis Koreyen W/ ak 3 Etwal, Meday Sèvis Nasyonzini, Meday Bon Konduit, ak Meday Sèvis Defans Nasyonal la. Sèjan eta najò Leonard Kalinowski te sèvi nan Fòs Ayeryèn Etazini an pandan konfli Koreyen an. Li te resevwa Meday Okipasyon an, Meday Sèvis Defans Nasyonal la, ak Meday Bon Konduit la. Lejislasyon sa a se pou rann omaj ak sèvis onorab ak ewoyik Senk Frè Kalinowski yo.

Senatè Eta a Patrick M. Gallivan te deklare, "Frè Kalinowski yo montre pi bon bagay peyi nou an gen pou ofri. Senk frè ak sè yo te sèvi nasyon nou an nan Dezyèm Gè Mondyal la Gè ak Konfli Koreyen an, ki reprezante nòmalman chak branch lame nou an. Deziyasyon espesyal sa a pral ede asire yo pa janm bliye sèvis ewoyik pa yo."

Lejislasyon (S.6551D/A.6363) deziyen wout Eta 19 nan vil Pike, konte Wyoming, kòm "Master Sergeant Thomas P. Madison Memorial Highway" (Otowout Memoryal Sèjan Anchèf Thomas P. Madison). Sa pral rann omaj ak sèvis onorab ak ewoyik Sèjan Madison. Yo te dekore li ewo lagè ak veteran nan Lagè Vyetnam lan, ak yon benefisyè Riban Fran Tire Tirè ak Zam Lejè, Dispozitif Fòmasyon Militè Pwofesyonèl NCO Riban V, Meday Sèvis Imanitè, Meday Sèvis Lonjevite Fòs Ayeryèn Ak 4 Dispozitif, Meday Sèvis Defans Nasyonal, Meday Sèvis Vyetnam, Sitasyon Inite Prezidansyèl Fòs Ayeryèn, Dispozitif Wi Pri Inite Eksepsyonèl Fòs Ayeryèn, Kwa Galantri Vyetnam ak Dispozitif, Meday Kanpay Vyetnam.

Senatè Eta a Patrick M. Gallivan te deklare, "Sèjan Madison se yon veteran ki wotman dekore nan Lagè Vyetnam lan e kominote nou an ap toujou rekonesan pou sèvis li bay nasyon nou an. Deziyen pon sa a nan onè li pral kanpe kòm yon omaj pèmanan pou devouman li ak angajman li."

Lejislasyon (S.7416B/A. 8400-B) Deziyen wout Eta 394 atravè Vil Randolph, Konte Cattaraugus, kòm "Staff Sergeant David Textor Memorial Highway" (Otowout Memoryal Sèjan Eta Majò David Textor). Sèjan Eta Majò David Textor te sèvi nasyon li an Irak ki te plase nan Konpayi A Lame Etazini an, 3èm Batayon, 1e Gwoup Fòs Espesyal (Sous Ayeryèn). Sèjan Eta Majò Textor te pèdi lavi li nan sèvis li nan dat 15 jiyè 2018 pandan li t ap mennen operasyon konba nan Mosul, Irak. Sèjan Eta Majò Textor te kòmanse Kou Kalifikasyon Fòs Espesyal yo nan mwa me 2005, epi li te genyen "Green Beret" an novanm 2006. Sèjan Eta Majò Textor te resevwa Meday Etwal Bwonz, Meday Kè Mov, Meday Sèvis Meritwa, Meday Sèvis Defans Nasyonal, Meday Kanpay Irak la ak etwal kanpay, Meday Sèvis Gè Mondyal kont Teworis, Riban Devlopman Pwofesyonèl NCO ak dispozitif nimerik "2", Riban Sèvis Lame, Riban Sèvis Aletranje, Badj Enfantri Konba, Badj Enfantri Ekspè, Badj Parachitis, Onglè Gad, ak Onglè Fòs Espesyal yo. Sèjan Eta Majò Textor te fèt nan Konte Chautauqua, kote li te ale nan Randolph Central High School, li te fè konpetisyon nan foutbòl, lit, ak atletis. Vil Randolph te mande pwojè lwa sa a, li te deside epi, pa vòt inanim, li te adopte yon rezolisyon fòmèl ki mande lejislasyon sa a.

Senatè Eta George M. Borrello te deklare, "Sèjan Eta Majò Textor se te yon Green Beret vanyan ki te wotman dekore ki te trajikman pèdi lavi pandan li pandan li t ap sèvi nasyon nou an Irak. Memoryalize Route 394 nan non li pral sèvi kòm yon omaj pou li ak yon rapèl pou tout moun k ap pase ke te gen yon pri douloure yo te peye pou pwoteje."

Lejislasyon (S.8305A/A.9351-A) deziyen yon pati nan Sistèm Otowout Eta a nan Vilaj Caledonia, Konte Livingston, kòm "WWII Rapone Brothers Memorial Highway" (Otowout Memoryal Frè Rapone WWII yo). Deziyasyon sa a pral onore fanmi Rapone ak sis manm fanmi yo ki te sèvi pandan Dezyèm Gè Mondyal la. Yo te touye Sòlda Patsy A. Rapone nan konba an 1944, li te resevwa Kè Mov la apre li te mouri. Matelo Premye Klas Rocky A. Rapone te blese nan teyat Pasifik la an 1945. Sòlda George Rapone, Sòlda Peter Rapone, ak Matlo Louis Rapone te blese olaj kòt Anzio, Itali. Sèjan Joseph Rapone te sèvi tou.

Senatè Eta a Patrick M. Gallivan te deklare, "Kominote nou an p ap janm ka vrèman remèyse fanmi Rapone a pou sèvis yo bay ak sakrifis li te andire nan defans peyi nou an. Dedye otowout sa a nan onè frè Rapone yo rekonèt angajman yo nan fonksyon yo kòm manm Pi gwo Jenerasyon an."

Manm Asanble Marjorie Byrnes te deklare, "Mwen fyè dèske m ap viv nan Caledonia ki se vil natif natal Frè Rapone yo. Espri Patriyotik yo, kouraj yo ak sèvis yo bay peyi nou an renome nan tout kominote a epi yo merite pou yo rekonèt yo."

Lejislasyon (S.7903B/A.9068-B) Deziyen pon an sou Branch Lwès la. Delaware River sou Rout Eta 206 ant Delaware Street ak Stockton Avenue nan vil Walton, Konte Delaware, kòm "First Lieutenant Stephen H. Doane Memorial Bridge" (Pon Memoryal Premye Adjwen Stephen H. Doane). Sa a pral onore Premye Adjwen Stephen H. Doane, ki te sèvi kòm lidè ploton ak Konpayi B, 1e Batayon, 5èm Rejiman Enfantri, 25èm Divizyon Enfantri nan Pwovens Hau Nghia nan Repiblik Vyetnam.

Konpayi li a te angaje nan yon operasyon taktik ki sibitman te kontakte yon fòs lènmi kache nan abri ak tranche pwoteje. Gen kèk nan sòlda prensipal li yo ki te blese grav oswa kwense anba aso kwaze ènmi an. Premye Adjwen Doane te aji byen vit epi yon fason desizif, li te sove sòlda ki te pyeje nan batay la. Li te sakrifye pwòp lavi l nan yon dènye chaj, aksyon ekstraòdinè ak dezenterese li te pèmèt konpayi li a sove mesye ki te pyeje yo san plis fatalite. Ekspozisyon kouraj Adjwen Doane te montre se te yon enspirasyon pou mesye l yo ak nan pi gwo tradisyon Lame Ameriken an, sa ke li te resevwa Meday Onorifik Kongrè a pou li, sèl benefisyè Meday Onorifik nan Konte Delaware.

Senatè Eta a, Mike Martucci, te deklare, "Pa gen pi bon jou pou onore yon ewo Ameriken pase jodi a epi mwen tèlman fyè pou m fè pati moun k ap asire 1e Adjwen Stephen H Doane resevwa rekonesans li merite anpil la. Mwen remèsye Manm Asanble Angelino pou patenarya li sou pwojè lwa sa a ak Gouvènè Hochul paske li siyen li. 1e Adjwen Doane te montre valè fonksyon, onè ak peyi a epi kounye a, fanmi li ak manm kominote a pral gen yon moniman pèmanan pou sèvis kouraje li anvè nasyon nou an."

Manm Asanble Joe Angelino te deklare, "Pa gen pi gwo lanmou pase sa a: pou yon moun bay lavi li pou zanmi li". Adjwen Stephen H. Doane te montre kalite sakrifis sa a, zak ewoyik li yo te sove jèn gason li te dirije yo pandan yon atak nan Vyetnam. Mwen espere ke non pon sa a ofri yon rekonfò pou manm fanmi ki rete yo ke yo p ap janm bliye Stephen. Mwen ankouraje moun ki nan Walton, ak tout moun ki pase sou pon sa a, pou yo aprann sou zak ewoyik Adjwen Doane lan."

Lejislasyon (S.8085C/A.9046-B) deziyen yon pati nan sistèm otowout ki konstitye wout eta 21 soti nan entèseksyon li ak wout eta ak nan vil Canandaigua, Konte Ontario, kòm "Ralph Calabrese Highway" (Otowout Ralph Calabrese). Ralph Anthony Calabrese te sèvi dezan pandan Gè Koreyen an, li te resevwa yon kantite dekorasyon, tankou Etwal Bwonz, Meday Sèvis Koreyen ak Badj Enfantri Konba. Kaporal Calabrese te pwofondman angaje nan zafè veteran yo nan kominote li a, li te goumen anpil pou kenbe Sant Medikal Canandaigua VA ouvè lè Depatman Afè Veteran Etazini an te rekòmande pou fèmen li nan ane 1990 yo. Efò li te kenbe VA a ouvè epi jiska jounen jodi a li ap bay swen pou veteran parèy li yo.

Senatè Eta, Pamela Helming, te deklare, "Mesye Calabrese se te yon ewo Ameriken, yon defansè fawouch pou veteran parèy li yo, ak bon zanmi mwen. Deziyen 'Ralph Calabrese Memorial Highway' se yon senbòl rekonesans ak respè dirab nou. Mwen te fyè pou m patwone pwojè lwa sa a epi pou m travay avèk Manm Asanble Gallahan pou fè l siyen an lwa. Mèsi a kòlèg mwen yo nan Lejislati a ak Gouvènè Hochul pou sipò yo."

Manm Asanble Jeff Gallahan te deklare, "Sèvis devwe Ralph A. Calabrese bay nasyon nou an ak efò pou sipòte veteran nou yo te vrèman louwab, e se gras ak li Sant Medikal Canandaigua VA te kapab kontinye travay enpòtan pa yo pou sipòte manm sèvis nou yo. Mwen rekonesan pou wè pwojè lwa sa a te siyen an lwa pou komemore eritaj li pou pandan jenerasyon k ap vini yo."

Lejislasyon (S.8681A/A.8535-A) deziyen yon pati nan Sistèm Otowout Wout 259 Eta a ant Pak Eta Lake Ontario nan vil Parma, ak Dunbar Road kòm "Specialist Jason Hasenauer Memorial Highway" (Otowout Memoryal Espesyalis Jason Hasenauer). Sòlda Jason Hasenauer te mouri an 2005 apre yon bonm bò wout ki te ranvèse machin li nan Kandahar, Afganistan. Yo pwomote li nan Espesyalis Pemye Klas apre li te mouri.

Senatè ETA Jeremy A. Cooney te deklare, "Yo onore epi sonje veteran ak ewo lokal yo, Espesyalis Jason Hasenauer ak Sèjan Gary Beikirch, ak siyati pwojè lwa sa a. Aksyon rekonesans sa yo fèt pou rekonèt kouraj yo chak montre nan sèvi peyi nou an. Mwen fyè dèske mwen te patwone pwojè lwa sa yo epi mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen yo an lwa."

Manm Asanble Josh Jensen te deklare, "Gary Beikirch se yon vrè ewo Ameriken kE valè ak kouraj li nan batay te fè l genyen Meday Onorifik la, men sèvis li bay lòt moun te kontinye pandan li te dedye lavi li pou ede lòt moun ak komemore yon pòsyon nan wout Latta, nan kè vil Greece kote li te rele lakay li, se yon temwayaj sou enpak li te fè sou manm inonbrab yo nan kominote nou an. Memoryalize yon pati nan North Avenue nan onè Espesyalis Jason Hasenauer nan Vil Parma se yon omaj apwopriye pou yon manm kominote a ki te bay lavi l pou nasyon li. Kit se te sèvis militè li kòm manm Lame a, oswa kòm yon ponpye volontè nan Depatman Ponpye Hilton lan, li te toujou mete sèvis la an premye e ak devouman sa a, yo p ap janm bliye sèvis ak sakrifis li."

Lejislasyon (S.9028/A.10110) deziyen yon pati nan Sistèm Otowout Eta a, Wout 18, nan vil Greece, Konte Monroe, kòm "Sergeant Gary Beikirch Memorial Highway" (Otowout Memoryal Sèjan Gary Beikirch). Sèjan Gary B. Beikirch se te yon veteran Vyetnam, Benefisyè Meday Onorifik, sitwayen distenge ak manm devwe nan kominote li a. Gary te resevwa Meday Onorifik la pou aksyon ki te fèt anvan an Vyetnam nan Camp Buck-Song, kote li te defann sòlda parèy li yo, kamarad vyetnamyen yo ak vilajwa Vyetnamyen yo te sove lavi yo pandan li te soufri blesi ki menase lavi li. Apre sa, li te kontinye konsakre lavi li, kominote li, ak sèvis lòt moun. Pandan plis pase 30 ane, li te yon konseye ekòl primè pou Distri Lekòl Greece la ki chanje lavi plizyè milye elèv ke li te travay ak yo chak jou. Sèjan Beikirch te ko-fonde tou Sant Sansibilizasyon Veteran (Veterans Outreach Center) yo ki te sèvi epi kontinye sèvi veteran yo nan Konte Monroe ak atravè rejyon an ak tout bezwen yo ka rankontre pandan y ap eseye re-entegre nan sosyete a epi jwenn kèk nòmalite nan lavi chak jou yo.

Lejislasyon (S.8688A/A.9653-A) deziyen yon pati nan Sistèm Otowout Eta a ki konstitye pon sou Merritts Road ant Langdon Road ak Northwest Drive, ki travèse sou pak eta Bethpage nan Vil Oyster Bay, Konte Nassau, kòm "Trooper John J. Lane Memorial Bridge la" (Pon Memoryal Manm Patwouy John J. Lane) Manm Patwouy John J. Lane se te yon veteran Lame Etazini nan Premye Gè Mondyal la e li te sèvi ak Lapolis Eta New York pandan sis ane. Manm Patwouy Lane te onore ak Laney K9 ki te pote non li pou sèvis devwe li anvè Lapolis Eta New York la. Laney K9 te sèvi nan Deteksyon Nakotik ak Pwoteksyon Manipilatè.

Senatè Eta a, Kevin Thomas te deklare, "Mwen fyè pou m onore lavi ak eritaj Manm Patwouy John J. Lane, yon veteran Premye Gè Mondyal la ak polisye Eta New York ki te tonbe, lè mwen deziyen yon pòsyon nan otowout eta a kòm 'Trooper John J. Lane Memorial Bridge' epi mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa mwen an epi fè sa posib."

Manm Asanble John Mikulin te deklare, "Mwen fyè dèske m te patwone lwa sa a pou rezidan Oyster Bay yo pou yo te komemore kontribisyon, lavi ak eritaj Manm Patwouy John Lane epi pou sipòte tout Polis Eta New York nou yo k ap travay di epi ki devwe", deklarasyon Mikulin. "Ofisye lapolis nou yo fè anpil bagay pou pwoteje ak sèvi kominote a, epi kòm ajans polis dirijan eta nou an, twoup tankou Manm Patwouy Lane etabli yon ba ekselans nan fòs lòd la. Nou rekonesan pou sèvis yo epi nou remèsye yo dèske yo ede fè kominote nou yo vin pi an sekirite."

Lejislasyon (S.8726A/A.10024-A) deziyen yon pati nan Sistèm Otowout Eta, wout eta 283, depi nan kòmansman vil Pamela, konte Jefferson nan liy vil Watertown lan, kontinye nan yon direksyon jeneralman nòdès epi fini nan entèseksyon li ak wout eta 342 nan vil Le Ray, konte Jefferson kòm "Colonel Michael Plummer Memorial Highway" (Otowout Memoryal Kolonèl Michael Plummer). Kolonèl Michael Plummer te yon ofisye ak yon pati entegral nan 10èm Divizyon Montay (10th Mountain Division) mondèn lan. Kolonèl Plummer te plase nan Fort Drum nan mwa desanm 1984 kòm premye Chèf Kabinè nouvo 10 èm Divizyon Montay la (Light Infantry) ki te re-aktive nan dat 3 fevriye 1985. Li te jwe yon wòl enpòtan nan etabli ak òganize nouvo Divizyon an ak mete an mouvman konstriksyon plis pase 1 dola milya nan premye enfrastrikti pou sipòte nouvo inite a nan Fort Drum. Li te responsab pou etabli, fòme, ak deplase nouvo brigad la soti nan Georgia rive nan kay final li nan nò Eta New York. Kolonèl Plummer te aktif atravè kominote North Country a, li te dirije pwogram "Adopte yon Ploton 10èm Montay" epi li te inisyè e li te dirije yon pwogram "Sòlda 101" ki fasilite manm kominote lokal yo pase yon jounen nan fòmasyon sou teren an epi aprann kisa li vle di pou vin sòlda nan 10èm Divizyon Moatay la (Light Infantry) sou Fort Drum pou ogmante konpreyansyon ant kominote sivil lokal la ak vwazen militè pa yo. Kolonèl Plummer te pase karyè li nan fè lavi sòlda yo ak fanmi yo pi byen epi li te dedye tèt li pou pwoteje ak amelyore Fort Drum.

Senatè Eta a, Patty Ritchie, te deklare, "Kolonèl Plummer te dedye lavi li pou amelyore peyi l ak kominote l. Youn nan pi gwo priyorite li sete ranfòse koneksyon ant Fort Drum ak kominote Watertown lan. Nome wout ki konekte de pwen sa yo nan onè li se yon omaj ki apwopriye epi li pral asire ke yo pa janm bliye anpil kontribisyon li te fè."

Manm Asanble Ken Blankenbush te deklare, "Depi jou mwen te rankontre Kolonèl Mike Plummer nan Rotary nan ane 1980 yo, li menm ak fanmi li te yon defansè solid pou 10èm Divizyon Montay la ak Fort Drum. Se yon onè pou m te pote lejislasyon sa a nan Asanble a pou chanje non pòsyon Wout 283 sa a kòm yon eritaj dirab anvè devouman li."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418